**Тест №1**

1. **Мац1алъул х1акъалъулъ г1елмуялъул кинал бут1аби грамматикаялъ жанире рачунел?**
   а) лексика;
   б) фонетика;
   в) раг1и лъугьин;
   г) морфологияги синтаксисги

2. **Раг1абазул дандраялда гъоркьан х1ущ ц1ай.**
   а) Роц1араб къо. Къо роц1ана.
   б) Расулица ах1ула. Ах1улаго ана.
   в) Микьабилеб къо. Къо – микьабилеб.
   г) Нахъа хут1ана. Къеда нахъа гьой буго.

3. **Рекъонккеялъул бухьен бате.**
   а) г1урул хехлъи;
   б) хехаб г1ор;
   в) хехго чвахана;
   г) хехлъиялъул балагь.

4. **Мантикъаб (логикияб) ударениялъул мурад щиб?**
   а) предложение бит1ун аби (ц1али);
   б) преложение ах1ун (гьаракь борхун) ц1али;
   в) предложениялда жаниб ц1ик1к1ун к1вар кьолеб раг1и х1алуцун аби;
   г) предложениялъул пасих1лъи ц1ик1к1инаби.

5. **Хабариябги, т1алабиябги, суалиябги предложениял ах1ул предложениялльун кин лъугьунел?**
   а) ах1ул ишара хадуб лъун;
   б) ах1ун ц1алун;
   в) рек1ел к1удияб асар (ццин, рохел, х1инкъи) загьирлъиледухъ абун;
   г) лъаларо.

6. **Т1ибит1ич1еб предложение бате.**
   а) Сон устарзабаз кьо къач1ана.
   б) Г1алица гъут1би к1урулел руго.
   в) Гьоболас нуц1ида к1ут1ана.
   г) Яс эбелалда къочана.

7. **Подлежащеял рате.**
   а) Гьаниб маххул нух лъун буго.
   б) Саг1ид, машина чуризе а.
   в) Умумул пурцица рекьарулаан.
   г) Жакъа шагьаралда баг1арун буго.

8. **Подлежащее щиб х1алалда бугебали бихьизабулеб сказуемое бате.**
   а) Ц1ад балеб буго.
   б) К1одо унтун йиго.
   в) Эбелалъ щар ч1вана.
   г) Эмен сапаралъ ана.

9. **Г1адатаб глаголияб сказуемоялда гъоркьан х1ущ ц1ай.**
   а) Г1ерет1 лъел ц1е.
   б) Бакъ баккулеб буго.
   в) Эмен кьижун вуго.
   г) Реци лъуг1улеб буго.

## Тест № 2

1. **Сунда абулеб составияб сказуемоян?**

    а) Цо подлежащеялъе бугеб 2-3 сказуемоялда;
    б) 2 подлежащеялъе бугеб цо сказуемоялда;
    в) Аслияб раг1удасаги кумекалъул глаголалдасаги г1уц1араб, цох1о маг1на кьолеб сказуемоялда;
    г) Жубараб глаголалъул сказуемоялда.

2. **Ц1арулаб составияб сказуемое бате**

    а) Дуда вихьарав чи дун вук1ана;
    б) Булбул гъот1ода кеч1 ах1улеб буго;
    в) Мучариги чед гуро;
    г) Нижер росу ц1илъун буго.

3. **Глаголияб составияб сказуемое бихьизабе.**

    а) Дур хабар дида бич1ч1улеб гьеч1о.
    б) Гьадав чи чанахъан гуро.
    в) Нилъер Гьиматги палугъан лъугьана.
    г) Мун, гьудул, гьанже рокъове а.

4. **Аслияб падежалда бугеб подлежащеялдаса бит1араб дополнение кин бат1а бахъилеб?**

    а) Рат1а рахъизе лъаларо: гьел цого суалалъе жаваблъун рач1уна.
    б) Сказуемоялда цебе бугеб подлежащее, хадуб ккараб дополнение бук1уна.
    в) Бит1араб дополнение сказуемоялда бухьараб бук1уна, подлежащее бук1унаро.
    г) Т1адч1араб глагол – сказуемоегун бук1уна бит1араб дополнение.

5. **Хаслъул падежалда ругел определениязда гъоркьан мухъ ц1ай.**

    а) Ясалъ баргъич меседил гьабуна.
    б) Ясалъ меседил баргъич ххуна.
    в) Хьитал салаул ц1уна.
    г) Лъимал расанда салул гох1да.

6. **Определениелъун бугеб цадахълъел бате.**

    а) Дица хъван буго «Х1акъикъат» газета.
    б) «Х1акъикъаталда» дир макъала бахъун буго.
    в) Тохтур Х1ажи районалде ана.
    г) Нижер Х1ажи тохтурлъун вахъана.

7. **Хъвалсараб дополнение бате.**

    а) Дун шофер вуго.
    б) Муса нижгун васандана.
    в) К1удадаца лъималазе маргьа бицана.
    г) Лъималаз шагьаралда сордо бана.

8. **Х1аллъун ккарал раг1аби рихьизаре.**

    а) Нижеца машина салул ц1уна.
    б) Г1урул гьаракь кьурулъ багъулеб буго.
    в) Дир к1одое хинаб бакъ бокьула.
    г) Ц1унц1рабазулги буго жидерго г1адлу – низам.

9. **Бак1лъун бугеб х1ал бате.**

    а) Школалъул ахикь г1еч барщун буго.
    б) Г1али налъукъ вук1ун вуго.
    в) Дир вац армиялде ана.
    г) Расулица армиялде кеч1 гьабун буго.

10. **Заманлъун бугеб х1ал бате.**

    а) Дун саг1ат микьгоялда школалде ана.
    б) Саг1ат микьго т1убан буго.
    в) Сордо рогьинег1ан эбел кьижич1о.
    г) Сордо рогьараблъи лъач1о эбелалда.

**Подлежащеялъул суалазда цебе «+» лъе**
Кинаб? щиб? лъил? лъица? лъихъ? лъида? чан? лъие? сунда? сундуе? кида? сунца?

**2. Бит1араб дополнение жаваблъун бач1уна:**
а)  аслияб п.
б) актив п.
в) кьовул п.
г) жинда п. суалазе.

**3. Определениялъул суалал рате:**
Лъил? сундул? кибе? щиб? чан? чанабилеб? лъие? сундуе? кинаб? Лъил? сундул?

**4.  Х1алалаз бихьизабула иш лъугьараб……………………………………………………**(предложение лъуг1изабе).

**5. Сказуемоялъул суалал хъвай…………………………………………………………..**

**6. Хъалсараб дополнение кинаб падежалъул суалазе жаваблъун бач1унареб?**
**а) аслияб**
**б) актив**
**в) жинда**
**г) кьовул**